**दिन–शनिवार** **दिनांक–27.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे दू हजार चौदह मे जखन हमरा सेवाक अवसर भेटल तऽ हम देश के कांग्रेसक लूट तंत्र सँ बाहर निकाललहुं। श्री मोदी आइ ओडिसाक झाड़सुगुड़ा मे जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे आब भाजपा सरकार मे दूगुणा बचत आ दूगुणा कमाई के समय आबि गेल अछि। ओ कहलनि जे आइ कारोबारी आ कर्मचारी लोकनि के बारह लाख टाका धरि वार्षिक कमाई पर एकहुं टाका टैक्स नहि देबय पड़ैत छनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आइ संपूर्ण देश मे शिक्षा आ कौशल विकास मे अभूतपूर्व निवेश कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे देश नवोन्मेष आ स्वदेशी विचार के अपना कऽ आगां बढि रहल अछि।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी झाड़सुगुड़ा मे आयोजित समारोह सँ वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यमे पटना समेत आठ भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थानक विस्तारक आधारशीला रखलनि। एकर अंतर्गत छओ सय चौवालीस करोड़ टाका सँ बेसीक लागति सँ आईआईटी पटनाक तेसर चरणक निर्माण काज के पूरा कयल जायत। एहि अवसर पर पटनाक ऊर्जा भवन मे आयोजित एक कार्यक्रम मे केन्द्रीय शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान, कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह आ सांसद रविशंकर प्रसाद समेत कतेको गणमान्य लोक भाग लेलाह। शक्षामंत्री कहलनि जे आईआईटी पटनाक विस्तार सँ नव शिक्षा नीतिक दिस बेसी काज होयत।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन स्थित राजकीय अभियंत्रण महाविद्यालय मे भाजपाक क्षेत्रीय कार्यकर्ता बैसार के संबोधित कयलनि। एहि अवसर पर ओ तिरहुत आ मिथिलांचलक भाजपाक सांसद, विधायक, मंत्री आ प्रमुख पदाधिकारी लोकनि संग संवाद कऽ बिहार विधानसभा चुनाव जीतबाक लेल संगठन के मजगूत करबाक मंत्र देलनि। बैसार मे केन्द्रीय जलशक्ति मंत्री राजभूषण चौधरी समेत कतेको

गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। दोसर दिस, गृह मंत्री श्री शाह आइ अररिया मे सेहो भाजपाक कार्यक्रम मे सम्मलित भेलाह।

———————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मधुबनी जिलाक खुटौना प्रखंडक सिरसिहा परिसाही स्थित पावरग्रिड मैदान मे आयोजित लाभुक संवाद कार्यक्रम मे सम्मलित भेलाह। एहि अवसर पर ओ करीब आठ हजार तीन सय अट्ठाईस करोड़क विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री आइ कटिहार जिलाक समेली प्रखंडक सेहो भ्रमण कयलनि।

———————————————————————————————

राजद प्रमुख लालू प्रसाद कहलनि अछि जे एनडीए सरकार के बदलबाक समय आबि गेल अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे पछिला बीस साल मे किसानक सभ सँ बेसी उपेक्षा भेल। ओतहि, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव पटनाक वेटनरी कॉलेज मैदान मे कर्पूरी अति पिछड़ा संवाद कार्यक्रम मे कहलनि जे चुनावक बाद जदयूक कोनो भविष्य नहि अछि।

———————————————————————————————

एआईएमआईएम आगामी विधानसभा चुनाव लेल अपन दोसर उम्मीवारक घोषणा कऽ देलक अछि। पूर्णियाक बायसी सँ पार्टी गुलाम सरवर के अपन उम्मीवार बनौलक अछि। पार्टी पूर्वी चंपारणक ढाका सीट सँ राणा रणजीत सिंह के पहिनहि अपन उम्मीदवार घोषित कऽ देने अछि।

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि कार्यक्रमक एक सय छब्बीसम संस्करण होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर कयल जायत। एकर अतिरिक्त ई कार्यक्रम आकाशवाणीक वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। कार्यक्रमक प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। मन की बात कार्यक्रमक आकाशवाणी दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो सीधा प्रसारित कयल जायत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे ई कार्यक्रम आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ प्रसारित होयत, जकरा दोबारा राति आठ बजे सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

उप राष्ट्रपति सी. पी. राधाकृष्णन एक दिवसीय कार्यक्रम लेल काल्हि बिहार आबि रहल छथि। ओ मुजफ्फरपुरक कटरा स्थित मां चामुंडा मंदिर मे पूजा–अर्चना करताह। जिलाधिकारी सुब्रत कुमार सेन जनौलनि जे उप राष्ट्रपतिक आगमण के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति माध्यमिक शिक्षक पात्रता परीक्षा एसटीईटी लेल आवेदन करबाक अंतिम तिथि बढ़ाकऽ पांच अक्टूबर कऽ देलक अछि।

———————————————————————————

मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे दूर्गा पूजा के लऽकऽ चहल–पहल बढि गेल अछि। प्रतिमा आ पूजा–पंडाल सभ के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। आइ नवरात्रक छठम दिन भगवतीक पांचम स्वरूप स्कंदमाताक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।